ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЗГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№98 (22.006) ● 2011 гъэм накъыгъэм (майм) и 28, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщыхилъхьэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм хагъэхьэну Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщIхьэм хуагъэлъагъуэ кандидатурэм и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхьыныгъэхэм хэтыну яIэ хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыну яIэ хуитыныгъэмрэ къыдэгъэпэщыныкIэ шэсыпIэ нэхьыщхьэхэм я IуэхукIэ» 2002 гъэм мэкъуаугъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 23 статьям и пункт 9-м, Урысей Федерацэм и субъектхэм я хэхакIуэ комиссэхэр къызэгъэпэщыным теухуа зыныкъуэ IуэхухэР зэрагъэхьэзырымрэ абыхэм Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм и эмIуцIэм зэрещыхьилъэмкIэ Хабзэм и пункт 2.1-м ящкI иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщыхилъхьэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм унафэ къыщыщIэкIэ Iэ иIэтыну хуиту хэтыну Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм хуэгъэлъэгъуэн **Евтушенко Сергей Виктор и къуэм** и кандидатурэр.

2. Мы Унафэр Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм хуегъэхьын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм накъыгъэм и 26-м
№759-П-П

●КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Жэрдэмхэр ищхьэкIэ щыдаIыгъ

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и япэ къуэдзэ Жаным Руслан нэхъыжьу щысу хабзэгъэув органым и Президиумым и зи чэзу зэIуIэн екIуэкIащ. Абы щыхэплъащ Iуэху 20-м наблагъэм.

ЭКОЛОГИЕМРЭ щыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ комитетым и унафэщым и ихуэдзэ **Мэремыкъуэ Арсен** кыхьилъхьащ «ЩэкIуэнымрэ къащэжIу къулейгъэхэр хъумэнымрэ я IуэхукIэ» законым и проектым хэплъэну. Абы щыубзыхуащ щэкIуэным, псэушъхьэр хъумэным, щыщэкIуэну щыпIэхэр, къащэжIуну зыхуэдизыр гъэбелджылыным, щакIуэ билетхэр зэрырат, кьыэзырылахьж щыкIэхэр убзыхуэн теухуауэ республикэм и къэралыр властым и IуэхущапIэхэр зыхуитымрэ я кьалэнхэмрэ.

Спортымрэ туризмымкIэ комитетым и унафэщI **Бабаев Хьусей** кьыэзыуэсахэр щыгъуаэ ищIащ «КъБР-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ я IэнатIэм епха IуэхугъуэхэрзегъэкIуэным теухуауэ» КъБР-м и Законым и б-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэль хьэным и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектым. Абы кьыщыгъэлъэгъуащ КъБР-м и республикэ бюджетым и хьэкъкIэ физическэ щэнхабзэм, спортым, узынщэу зэрыпсэуну щыкIэм ыкIыхуэгъэ дегъэхьыныным епха Iуэхуэхэм хэтыныкIэ КъБР-м и Гъэзэщакиуэ властым иIэ хуитыныгъэр.

«КъБР-м къэрал къулыкъу щызыIыгъахэмрэ къэрал къулыкъущапIэхэм щылэжьахэмрэ пенсэкIэ кьэралым кьыэзыригъэпэщыным и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр, хэльхьэным теухауэ» КъБР-м и законым и проектым хэплъэну. Абы щыубзыхуащ президиумым кьыщызыIэтар ЛъжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ узынщагъэр хъумэнымкIэ комитетым и унафэщI **Жанатаев Сэлимщ**. Абы кьыщыгъэлъэгъуащ лэжьыгъэкIэ пенсэ щыхуаГъэув ныбжьым нэмысауэ езыхэр хуейуэ КъБР-м и къэрал кулыкъум щытекIхэм пенсэ хуагъэувынымкIэ яIэ хуитыныгъэр. Абы папщIэ къэрал къулыкъум ильэс 25-рэ, къэрал граждан къулыкъум ильэси 7 нэхърэ мынэхъ мащIэ щылэжьауэ щытын хуейщ.

БюджетымкIэ, налогхэмкIэ, финансхэмкIэ комитетым и унафэщI **Ахъуэхъу Къаншобий**кьыэзэхуэсахэр хигъэплъащ «2011 гъэм и республикэ бюджетым и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэльхьэным теухауэ» КъБР-м и законым и проектым. Депутатым зэрыжиIамкIэ, «2011 гъэм икIи 2013 гъэм нэсыпIэ гъэм кредиту сом мелард 50-кьыхуутIыпщынымкIэ УФ-р къэрал шэсыпIэхэр кьыIэрыхьэн папщIэ УФ-м и щыналъэ пыухыкIам зегъэужьыным и IуэхуМ абы и проценти 10 нэхъ рэ мынэхъ мащIэ хальхьэн хуейуэ щыубзыхуащ. Абы тещIыхьауэ 2011 гъэм и республикэ бюджетым щыгъэувын хуейщ КъБР-м яритыну къэрал шэсыпIэхэри. ИтIанэ республикэм инвестицэ пыухыкIахэм щIэгъэкъуэн хуэхъуфынущ.

Хуагъэльэгъуэ тхыгъэхэм хэпльэри, президиумым хэтхэр арэзы техьащ куэд щIауэ хьэлэлу зэрылажьэм икIи «Кабардино-Балкарская правда» газетыр илъэс 90 зэрырикъум кьыхэкIыу КъБР-м и Парламентым и Щыхь тхыльыр а газетым и корреспондент Габуевэ Анн, компьютеркIэ тхыгъэхэр кьыщащIы Iэнатlэм и оператор Чэртбий Маринэ, бухгалтер нэхъыщхьэ Къущхьэнащхьуэ Джульетэ, корректор Погореловэ Иннэ сымэ иратыну.

Жылагъуэ политикэмрэ лэжьыгъэ жьыджэру зэрырагъэжьэкIым кьыхэкIыу КъБР-м и Парламентым и Щыхь тхыльыр хуагъэфэщащ Блий Станислав - «Урысей мэкъумэщ центр» Федеральнэ къэрал IуэхущIапIэм КъБР-м щиIэ къудамэм и унафэщым, Альтуд Раисэ - «Эксперт» Центр муниципальнэ унитар предприятэм и директорым, Аккиевэ Светланэ - КъБР-м и Правительствэмрэ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академиемрэ Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкIэ я институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ пажэм, Ульбашев Азнор - Шэрэдж куейм ЩэнхабзэмкIэ и унэм нэхьыжьхэр хэту иIэ зэрэджьащIакIуэ гупым и унафэщым.

Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм щытепсэльыхьым, КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и правовой управленэм и унафэщI **Хьэмыкъуэ Аслъэн** кьыэзэхуэсахэр щыгъуаэ ищIащ «КъБР-м лъэпкъ куэду зэхэт и цIыхубэр» псалъэхэр Конституцым емызэгъыу икIи цIыхубэм я властым и хабзэр КъБР-м и Конституцым зэрыщыщIэгъэсыдар мыгъэмуу кьилъытэу КъБР-м и прокуратурэм УФ-м и Суд нэхъыщхьэм зэрызыхуигъэзам кьрикIуахэм. КъБР-м и Суд нэхъыщхьэр арэзы Текъуанчэв республикэ прокуратурэм тегъэщIапIэ ищIхэм икIи кьиригъэлъэгъуащ КъБР-м и Конституцым итхам дагъуэ зэрыхуимыщIыр.

Абы кьыщэжIуэу Жанатаев Сэлим апхуэдэу кьыхигъэщхьэхукIащ «Гражданым щытыкIэм и Iуэхухэм» Федеральнэ законым и 12-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэльхьэным теухауэ КъБР-м и Парламентым УФ-м и Къэрал Думэмрэ Правительствэмрэ зэрызахуигъэзам гъуэгу зэригъуэтар. УФ-м ЮстицэмкIэ и министерствэм абы ипкъ иткIэ игъэхьэзыра проектыр Къэрал Думэм нэсащ.

УРЫСМАМБЭТ Беллэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущапlэм и лэжьакIуэ.

●КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Жэрдэмхэр ищхьэкIэ щыдаIыгъ

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и япэ къуэдзэ Жаным Руслан нэхъыжьу щысу хабзэгъэув органым и Президиумым и зи чэзу зэIуIэн екIуэкIащ. Абы щыхэплъащ Iуэху 20-м наблагъэм.

ЭКОЛОГИЕМРЭ щыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ комитетым и унафэщым и ихуэдзэ **Мэремыкъуэ Арсен** кьыхилъхьащ «ЩэкIуэнымрэ кьащэжIу кьулейгъэхэр хъумэнымрэ я IуэхукIэ» законым и проектым хэплъэну. Абы щыубзыхуащ щэкIуэным, псэушъхьэр хъумэным, щыщэкIуэну щыпIэхэр, кьащэжIуну зыхуэдизыр гъэбелджылыным, щакIуэ билетхэр зэрырат, кьыэзырылахьж щыкIэхэр убзыхуэн теухауэ республикэм и къэралыр властым и IуэхущапIэхэр зыхуитымрэ я кьалэнхэмрэ.

Спортымрэ туризмымкIэ комитетым и унафэщI **Бабаев Хьусей** кьыэзэхуэсахэр щыгъуаэ ищIащ «КъБР-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ я IэнатIэм епха IуэхугъуэхэрзегъэкIуэным теухауэ» КъБР-м и статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэль хьэным и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектым. Абы кьыщыгъэлъэгъуащ КъБР-м и республикэ бюджетым и хьэкъкIэ физическэ щэнхабзэм, спортым, узынщэу зэрыпсэуну щыкIэм ыкIыхуэгъэ дегъэхьыныным епха IуэхуэхэмкIэ КъБР-м и ГъэзэщакIуэ властым иIэ хуитыныгъэр.

«КъБР-м къэрал къулыкъу щызыIыгъахэмрэ къэрал къулыкъущапIэхэм щылэжьахэмрэ пенсэкIэ кьэралым кьыэзыригъэпэщыным и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр, хэльхьэным теухауэ» КъБР-м и законым и проектыр президиумым кьыщызыIэтар ЛъжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ узынщагъэр хъумэнымкIэ комитетым и унафэщI **Жанатаев Сэлимщ**. Абы кьыщыгъэлъэгъуащ лэжьыгъэкIэ пенсэ щыхуаГъэув ныбжьым нэмысауэ езыхэр хуейуэ КъБР-м и къэрал кулыкъум щытекIхэм пенсэ хуагъэувынымкIэ яIэ хуитыныгъэр. Абы папщIэ къэрал къулыкъум ильэс 25-рэ, къэрал граждан къулыкъум ильэси 7 нэхърэ мынэхъ мащIэ щылэжьауэ щытын хуейщ.

БюджетымкIэ, налогхэмкIэ, финансхэмкIэ комитетым и унафэщI **Ахъуэхъу Къаншобий**кьыэзэхуэсахэр хигъэплъащ «2011 гъэм и республикэ бюджетым и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэльхьэным теухауэ» КъБР-м и законым и проектым. Депутатым зэрыжиIамкIэ, «2011 гъэм икIи 2013 гъэм нэсыпIэ гъэм кредиту сом мелард 50-кьыхуутIыпщынымкIэ УФ-р къэрал шэсыпIэхэр кьыIэрыхьэн папщIэ УФ-м и щыналъэ пыухыкIам зегъэужьыным и IуэхуМ абы и проценти 10 нэхъ рэ мынэхъ мащIэ хальхьэн хуейуэ щыубзыхуащ. Абы тещIыхьауэ 2011 гъэм и республикэ бюджетым щыгъэувын хуейщ КъБР-м яритыну къэрал шэсыпIэхэри. ИтIанэ республикэм инвестицэ пыухыкIахэм щIэгъэкъуэн хуэхъуфынущ.

Хуагъэльэгъуэ тхыгъэхэм хэпльэри, президиумым хэтхэр арэзы техьащ куэд щIауэ хьэлэлу зэрылажьэм икIи «Кабардино-Балкарская правда» газетыр илъэс 90 зэрырикъум кьыхэкIыу КъБР-м и Парламентым и Щыхь тхыльыр а газетым и корреспондент Габуевэ Анн, компьютеркIэ тхыгъэхэр кьыщащIы Iэнатlэм и оператор Чэртбий Маринэ, бухгалтер нэхъыщхьэ Къущхьэнащхьуэ Джульетэ, корректор Погореловэ Иннэ сымэ иратыну.

Жылагъуэ политикэмрэ лэжьыгъэ жьыджэру зэрырагъэжьэкIым кьыхэкIыу КъБР-м и Парламентым и Щыхь тхыльыр хуагъэфэщащ Блий Станислав - «Урысей мэкъумэщ центр» Федеральнэ къэрал IуэхущапIэм КъБР-м щиIэ къудамэм и унафэщым, Альтуд Раисэ - «Эксперт» Центр муниципальнэ унитар предприятэм и директорым, Аккиевэ Светланэ - КъБР-м и Правительствэмрэ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академиемрэ Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкIэ я институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ пажэм, Ульбашев Азнор - Шэрэдж куейм ЩэнхабзэмкIэ и унэм нэхьыжьхэр хэту иIэ зэрэджьащIакIуэ гупым и унафэщым.

Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм щытепсэльыхьым, КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и правовой управленэм и унафэщI **Хьэмыкъуэ Аслъэн** кьыэзэхуэсахэр щыгъуаэ ищIащ «КъБР-м лъэпкъ куэду зэхэт и цIыхубэр» псалъэхэр Конституцым емызэгъыу икIи цIыхубэм я властым и хабзэр КъБР-м и Конституцым зэрыщыщIэгъэсыдар мыгъэмуу кьилъытэу КъБР-м и прокуратурэм УФ-м и Суд нэхъыщхьэм зэрызыхуигъэзам кьрикIуахэм. КъБР-м и Суд нэхъыщхьэр арэзы Текъуанчэв республикэ прокуратурэм тегъэщIапIэ ищIхэм икIи кьиригъэлъэгъуащ КъБР-м и Конституцым итхам дагъуэ зэрыхуимыщIыр.

Абы кьыщэжIуэу Жанатаев Сэлим апхуэдэу кьыхигъэщхьэхукIащ «Гражданым щытыкIэм и Iуэхухэм» Федеральнэ законым и 12-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэльхьэным теухауэ КъБР-м и Парламентым УФ-м и Къэрал Думэмрэ Правительствэмрэ зэрызахуигъэзам гъуэгу зэригъуэтар. УФ-м ЮстицэмкIэ и министерствэм абы ипкъ иткIэ игъэхьэзыра проектыр Къэрал Думэм нэсащ.

УРЫСМАМБЭТ Беллэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущапlэм и лэжьакIуэ.

Зэрымысакъам къыхокI

Башкортостаным Iэщэ хъумапIэхэр къыщыуащ дзэм къулыкъу щищIэну зэрыраджэрэ куэд мыщIа Деняев Сергей и зэранкIэ.

Абы хэмысакъыу лъэгум тридза топышэр къуащ. Цыху 12-м фэбжь зэмылIэужьыгъуэхэр ягъуэтащ. Дзэ частым и псэуалъэ 12, абы и гъунэгъуу псэуахэм я унэ куэд зэхэкъутащ. КъэхъукъащIэм хэщIыныгъэ кьишащ сом мелуани 100 и уасэ.

МафIэсхэм япэлъэщыркъым

Якутием и куейуэ 8-м, апхуэдэу езы кьалэм Iугъуэмрэ гъуэзымрэ ящхьэщыгъ - абыхэм я гъунэгъу мэзхэр мафIэм ес. Ари кьыызыхэкIар гудзакъэншагъэрщ - хадз зиIэхэм ягъэс. КIэрыхуфкьэрыхуращ мафIэшхуэм щIэгъэстэн хуэхъур.

КъэхъукъащIэ шынагъуэм пэщIэтщ техникэ зэмылIэужьыгъуэу мин хуэдиз, цIыху миниц. ЩIыналъэм и прокуратурэм щыжалащ къэхъуамкIэ къуаншэхэр жэуапым зэрырашэлIэнэр.

Франджым щокIуэкI

Къэрал нэхъ лъэщу 8-м я унафэщIхэм я зэIущIэ Франджым и кьалэ Довиль щокIуэкI. ЕтIуанэ махуэм ахэр тепсэльыхьащ Африкэм и къэрал нэхъ къулейсызэм зэрадзэIапкъуну щыкIам.

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий кьелъытэ Довиль Iуэху щхьэпэ куэд кьыщIэтэуэ. Псом хуэмыдэу купщIафIэу щытащ абыр США-м и Президент Обамэ Баракрэ зэрызэпсэльар.

Мы махуэхэм

Накъыгъэм и 28, щэбэт

♦Сахалин щагъэлъапIэ 1995 гъэм щIыр ин дыдэу щыхьеям хэкIуэдахэм я фэеплъыр. Абы щыгъэувын кьанэ щымыIэу зэхэкъутауэ щытащ щыдагъэ кьыщIэ-эшIэжь я кьалэ цIыкIу Нефтегорск.

♦Азербайджан Республикэм и къэрал гуфIэгъэщ - Республикэм и махуэщ (1918).

♦Армением щагъэлъапIэ Япэ республикэм и махуэр - къэралыгъуэр зэрызэфIагъэувэжам (1918) егъэщIылIа гуфIэгъуэр.

♦ИльэсI 140-рэ и пэкIэ (1871) тредзащ Париж Коммунэр - лэжьакIуэхэм я япэ правительствэр. Абы властыр IэщIэлъащ 1871 гъэм тхакъэпэм и 18-м кьыщыщIэдзауэ накъыгъэм и 28-м нэсыкъ.

♦Накъыгъэм и 28 - 30-хэм Кьэзан (Тэтэрстан) щокIуэкIынущ еджапIэ нэхъыщхьэхэр кьэзыуха я лъахэгъуэхэу Урысеймрэ нэгъуэщI къэралхэмрэ щылажьэхэм я етIуанэ дунейпсо конгресс.

♦Накъыгъэм и 28 - 31-хэм Амстердам (Нидерландэм) щокIуэкIынущ медицинэ генетикхэм я европей конференц.

Накъыгъэм и 29, тхьэмахуэ

♦Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Организацэм щынальэкъэм мамырыгъэр щIэзэтэзыIыгъэ и къарухэм я дунейпсо махуэщ. 2002 гъэм дыгъэгъэзэм и 11-м ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм игъэуващ.

♦Дзэ автомобилистым и махуэщ

♦Накъыгъэм и иужьрей тхьэмахуэ махуэм екIуэкIынущ Самарэ кьалэр (1935 - 1990 гъэхэм - Куйбышевщ) кьызэрызэрагъэпэщцр ильэс 425-рэ зэрырикъум ехьэлIа гуфIэгъуэ Iуэхуэхэр.

Накъыгъэм и 30, Олыцхьэ

♦США-м щагъэлъапIэ зауэ зэпэщIэуэвэныгъэхэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр.

♦ИльэсI 580-рэ и пэкIэ мафIэкIэ ягъэсащ Жанна д' Арк, зауэ щыгъэ-эшIэжь и кьалэ цIыкIу Нефтегорск.

♦ИльэсI 10 и пэкIэ ФРГ-м и парламентым унафэ кьищтащ Урысеймрэ нэгъуэщI къэралхэмрэ я цIыхухэу нацизмым гугъу иригъэхьахэм ахъшэ етыным теухауэ.

Планэпэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЗыхуащIэ нэхъ - зыхуэщIэ.

●ЕгъэджэныгъэЗэгурымыIуэныгъэ щымыIэн папщIэ

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм иджыблагъэ щызэхэтащ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр (ЕГЭ) щекIуэкI лъэхъэнэм лэжьыгъэхэм щIэрыщIэу хэпльэжьынымкIэ щыIэ лъэIухэм елэжьыну къэпщытакIуэ гупым и зэIущIэ. Ар иригъэкIуэкIащ къэпщытакIуэ гупым и унафэщI. КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Дорохинэ Лидие.

ЗэIУЩIэМ щыгъуаз зыщащIащ къэпщытакIуэ гупым я лэжьыгъэм теухауэ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым кьыдигъэкIа унафэм, апхуэдэуи тепсэльыхьащ лэжьыгъэм щIэрыщIэу хэпльэжьыну ятх лъэIу тхылъхэр кьыщыIахкIэ зыIууэ гугъуехьхэм.

Фигу кьэдгъэкIыжьынщи, апхуэдэ къэпщытакIуэ гупыр хэгъэгъуэм кьыщызэрагъэпэщ ЕГЭ-р щекIуэкIкIэ, ныбжьыщIэхэм хуагъэув оценкэм теуухауэ кьэхъуэ зэгурымыIуэныгъэхэм хэкIыпIэхэр кьыхуагъуэтын папщIэ. Экзамен зытар хуитщ кьихьа балл бжьыгъэр кьызэрищIэрэ махуитI дэкIа иужь, абыкIэ мыразэмэ, лъэIу тхылъ итхьну.

Апхуэдэу кьаIэрыхьа лъэIу тхылъым къэпщытакIуэ гупыр хэпльэжьынущ езы ныбжьыщIэр я гъусэу.

КъэпщытакIуэ гупым хэтхэм лэжьэн щIадзэнущ накъыгъэм и 30-м.

КIУЖ Иннэ,
КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущапlэм и лэжьакIуэ.

●Гъэльэгъуэныгъэхэр

КъэкIуэнур зэлъытахэр

КъБР-м и Лъэпкъ музей Налшык дэтым щокIуэкI ныбжьыщIэхэм я Iэдакъэщ IэкIхэм я гъэльэгъуэныгъэ. Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я узынщагъэм щыкIэльыпль «Нэмыс» IуэхущапIэм щыIэхэм ящIа суртгъэмрэ хьэщыщ щыкIу зэмылIужьыгъуэхэмрэ кьащIэхуи хьунущ.

ЦЕНТРЫМ и лэжьакIуэхэм дызэрыщагъэгъуэзамкIэ, музейм и пэщыр абыхэм пщIэншэу къратащ. Хьэпшып ящаХэм кьыщIэкI ахъшэр сабийхэм я узынщагъэр егъэфIэкIуэным трагъэкIуэдэнущ. Апхуэдэ Iуэху абыхэм иджы япэу кьызэрагъэпэщу аращ.

Зэхьыхэм хэтащ КъБР-м и ЩIалэгъуалэ парламентым и унафэщI Шыпш Аслъэн, зэIущIэр кьызэзыгъэпэща центрым и тхьэмадэ Кьардэн Адэлбий, Iуэхущапlэхэм я лэжьакIуэхэм щыщхэр, лэжьыгъэхэр зи Iэдакъэщ IэкI сабийхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ.

Кьардэн Адэлбий кьыхигъэщащ дэIэпыкъуегъу зэуэныкъуэ сабийхэм зыщIагъэкъуэн мурад яIэу мы зэхьыхэр кьызэрызэрагъэпэщар.

Шыпш Аслъэн кьыщыпсалъэм жиIащ сабийхэм папщIэ закъыхуэзыгъазэхэм ядэIэпыкъуну зэрыкьэзырыр, ди къэкIуэнур зэльыта щIэблэм зиузэщIын папщIэ тлъэкI къэдгъанэ зэрымыхьунур. А гупсысэращ зытрагъэщIар Лъэпкъ музейм и унафэщI Накуэ Феликс, «Нэмыс» IуэхущапIэм и лэжьакIуэхэм ящыщу къэпсэльаХэм.

Гъэльэгъуэныгъэр екIуэкIынущ накъыгъэм и 30 пщIондэ.

БАЦЭ ФатIимэ.

Гъэльэгъуэныгъэм хэта ныбжьыщIэхэр.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ** *Элинэ трихащ.*

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2011 гъэм и етIуанэ ильэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр зэрекIуэкIыр.

Ильэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэлIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытебдзэ хьунущ республикэм и пощт Iуэхущапlэ по

Ди индексыр 51531

Гу зылъытапхъэ

Накъыгъэм и 30-м сыхьэт 15-м щIидзэнурэ КъБР-м и Парламентым щекIуэкIынущ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэр лэжьапIэмкIэ кьызэгъэпэщын Iуэхум щыщыIэ гугъуехьхэмрэ абыхэм я хэкIыпIэх эмрэ» зыфIаща зэIущIэшхуэ.

Ар къызэрагъэпэщ КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмрэ узынщагъэр хъумэнымкlэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и комитетхэм, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм Лэжьыгъэ зэхуэщытыкIэхэмрэ социальнэ политикэмкIэ и комиссэм.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущапlэ.

Адыгэ тхакIуэ щэджащэ Мэшбащlэ Исхьэкъ и махуэ

●Нобэ

НОБЭ , накъыгъэ мазэм и 28-м, ильэс 80 мэхъу адыгэ тхакIуэ щIэрыIуэ Мэшбащlэ Исхьэкъ Пщымахуэ и къуэм и ныбжьыр. Абы и кьалэмыпм кьыщIэкIащ зи щIэмрэ зи пщIэмрэ жьжьэ щыIуа тхыгъэ хьэлэмэт куэд - усыгъэхэр, «Бзиикъуэ зауэ», «Адыгэхэр», «Хьан-Джэрий», «КъуэкIыпIэмрэ КъухьэпIэмрэ», «ПасхьэщIэх» романхэр, нэгъуэщI хэхэр.

Мэшбащlэ Исхьэкъ Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Щэрджэсым я щIыхьэ тхакIуэ щIэ льапIэхэр кьыфIащ, СССР-м, РСФСР-м, Адыгейм я Къэрал саугъэтхэр къратащ, и тхыгъэхэр бзэ куэдкIэ зэрадзэкIащ.

ТхакIуэ щIэрыIуэм теухуа тхыгъэхэр ди газетым теддзэнущ ар кьыщальхуа махуэр щагъэльапIэнущ - мэкъуаугъуэ мазэм и 15-м ирихьэлIэу.

●Футбол

«Спартак-Налшык» - «Тэрч» (Грозн э) - 2:2

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм хэт командэхэм я зэпеуэм ипкъ иткIэ, дыгъуасэ Налшык щекIуэкIа зэIущIэм апхуэдэ бжьыгъэ кьрикIуащ. Ди щIалэхэм ящыщу топхэр дагъэкIащ Захиирович Адианрэ Концедалов Романрэ.

Нэхъапэуэкlэ командхэм я щIалэгъуалэ гупхэр зэдэджэгуаги, налшыкдэсхэр 2:1-уэ текIуащ. Зи гугъу тщIа зэIущIэхэр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэхэр ди газетым тетынущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Адыгэ егъэджакIуэ Iэзэ, узэщIакIуэ телъыджэ,

● Фэеплъ

***Адыгэ лъэпкым и тхыдэм, щIэблэм я гъэсэныгъэм, хабзэм, нэмысым ехьэлIа лэжьыгъэ куэд зэфIэзыльх хэкупсэхэм ящыщыу УФ-м и ТхакIуэхэм, Журналистхэм я союзхэм хэта, зи лажьыгъэфIым папщIэ «Урысей Федерацэм цIыхубэ щIэныгъэмкIэ и отличник» цIэр, дамыгъэ лапIэ, щIыхь, фIыщIэ тхылъ куэд зыхуагъэфащауэ щыта тхакIуэ, егъэджакIуэ цIэрыIуэ, щIэблэм я узэщIакIуэ Жылау Нурбий Хьудин и къуэр. Жылаур Бахьсэн куейм хыхьэ Зенкъуэ къуажэм 1931 гъэм къыщалъхуащ. Илъэс 55-м нэскIэ а цIыху щIэныкъэр пэрытащ егъэджакIуэ IэнатIэм. Апхуэдэу ар лажьащ школ директору, къуажэм, куейм тхыдэмкIэ я музейхэм я унафэщIу.*

И лъэпкъгъуэхэм, къуажэгъуэхэм, гъэсэнхэм я деж Нурбий къыщилэжьа щIэпмэ фIыщIэмрэ куэд мэхъу. Щапхъэ цIыху щэнфIэт, гуапэт ар, жьыми щIэми чэнджэщэгъу ящI цIыху губзыгъэт. Апхуэдэущ ар зыцIыхуу щыта псоми ягу къыздэхуар.

Зи цIэр ящымыгъупщэ, зи щIэр емыхуэх цIыху гъуэгуанэр псэужамэ, мы ебам илъэс 80 ирикъунут.

ЖЫЛАУ Арсен: Адэм и гъащIэр быным ди гъуэгугъэлъагъуэщ

И адэм теухуа гукъэкIыжхэмкIэ «Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэм нобэ къыддогущэ Нурбий и къуэ нэхъыжь Арсен. Ар Зенкъуэ дэт макъамэ школым и унафэщIщ, и адэм ирихьэжьа Iуэху дахэхэр адэкIэ зыгъэкIуатэ зэкупсэщ.

- Арсен, дэтхэнэ цIыхури дунейм зезытетам, зэфIэха Iуэхуэм елытыгъ ар къэнахэм ягу къыздэрихьэжьну щыкIэр. Лъэпкым, къыдэкIуэтей щIэблэм я сэбэп зыхэль Iуэхугъэ куэд зылэжьу псэуа уи адэм бын гъэсэкIэмкIэ гъуазэу пIаха щыгъуазэ дыпщамэ, ди гущIэ.

- Ди адэ Нурбийрэ ди анэ Тэисэрэ бынищ дапIащ, дагъэсащ, гъащIэм гъэзэгу пэж дыщытрагъэуващ. Сэри, си щыпхъу Мадини, си щынэхъыщIэ Руслан щIэныгъэ нэхъыщхьэ, дызэрыпсэун IэщIагъэ къыдатащ. Нобэ ди адэм и гъащIэ гъэугуанэм дроплъэжри, абы щапхъэу къэбгъальагъуэ мыхьуну зы Iуэхугъуэ хэмыту къыс-щохьу.

Кьапщтэмэ, унагъуэм, бым куэдрэ кьытхэсу, кьыдбгъэдэсу щытауэ схужьыгъэкъым ди адэр - лэжьыгъэ куэд пщэрыльх зыщIэзыщIыжа цIыхум апхуэдэ хущIыхьэгъуэи иэтэкъым. И1ганы лъэныкъ уэкIэ щыдэтлъагъу хьэл-цэн къудейри хьэкъыу тпхьыкIырт. Ди адэ-анэр тIури егъэджакIуэу зэрыщытми зы щытыкIэ хэха гу эрым драгъэувэрри, мыхьумыщIагъэ зэрыдмыщIэным, нэхъыжьхъэ я губгъэн кьыз-зэрыдмыхьыным дыхущIэкъ урт. Мыбын гу лъыввэгъэтэнут: ди адэ-анэм якъ дэлъа нэмысыр, пщIэр щапхъэ хущIыхь хьунущ зэщхьэгъуэсхэр зэрызэхущытым хуеIм.

Дыщысабии, балигъ дыщыхъуаи, унагъуэ дахуэу дыщытIысыжаи - дапщэщи кьыджиIар зыщ ди адэм: «Цыхум фи сэбэп евгъэкI. Нобэ флъэкIыну пщэдеIм пэмыщIапIэ. Мурадыншэу зы махуи кьэвмыгъащIэ. Зы Iуэху пыухыкIа нэхъ мыхьуми зэфIэвмыхауэ жэщ фIмыщIэ». А псалъэхэр нобэ я гущIэгъуэ щIэлъагъуэщ зэдэлъ ху-зэщIыпхъуэхэм кьыгщIэхьуэ бынхэми. Ешым и гъащIэ гъуэгуанэ зэпащIа фIыщIи щытхъи зэи кьыпльыхьуакъым ди адэм, атIэ жиIэрт ар кьуажэдэсхэм яхунщIэн хуеI Iэ хуу щыту.

Сабиигъуэ гуГъу иIаш Нурбий. И адэ Хьудинрэ и анэ Чэзибанрэ зэдагъуэта бынищым я нэхъыкIэр арат. И ныбжьыр илъэси 10-м нэсауэ, 1941 гъэм и адэр, кьыкIэльыкIуэ илъэсым и анэр дунейм ехыжжащ. Апхуэдэу Нурбий, Жанпагъу, Анатолэ (ар сабий цIынэт) нбэу кьэнауэ щытащ. Ахэр япIыжащ я адэшхуэ-анэшхуэм. Ди адэм зэрыкIэжьымкIэ, шхэгъуэ хьуа нужь, я адэм япэ щыкIэ а сабиищIар иригъэзащIэ хэрт, иужькIэт езым и бынхэм ерыскъы кьыщыхуащIэр. Апхуэдэ щыкIэу кьэхьуащ ахэр, еджащ, зэрыпсэун IэщIагъэ зрагъэгъуэтащ. Нурбий зэи щыгъупшащэу, зеиншэу кьыщынэм, хуащэдэсхэмрэ колхоз унафэщIхэмрэ кьыхуащIауэ щыта гулыитэр. «Абыхэм, сызыпIыжа си адэшхуэ-анэшхуэм я фIыгъэкIэ кьэзэухащ курыт еджапIэр, университетым щIэныгъэ нэхъыщхьэ щIапIэм?! Еш ж ы х у а I э р имыщIэу, ди адэм эзэхихьэ э с ы ж а щ ХьэтIохьущы-кьуей Илъэс и тхыдэм епха хьэпшащ, суРэт, фащэ, нэгъэущI Iэмэтпсымэ куэд. ИужькIэ абы-хэм хигъахьуэ зэпыту, езым иахъшIэкI щIыпIэ-щIыпIэхэм кьыщищэхуу щытащ.

Мыемрэ зы-хуей хуэзэ-щIыкIэ ди адэм дэIэпы-кьуэгъушхуэ кьыхуэхьэуауэ щ ы т а щ Б г ъ э ж ь н о - кьуэ Хьэчим, щыIэзэгъэгъуэтащ, си зэфIэкIымрэ кьаурмрэ Iуэху зэхуэ-мыдэхэм есхьэлIэн папщIэ Мухьэдин сыимэ. Абы щIэлъ ди кьуажэм и щыху цIэрыIуэхэм ятеухуа тхыгъэхэр, суРэтхэр, музейм и Iыхьэшхуэ еубыд Хэку зауэшхуэм Текiуэныгъэ кьыщыхьышхэм зеикьуэдэсхэм хуащIа хэльхьэныгъэм, Польшэм, Чехословакиеми, Сирием, Иорданием, Германием, Голландием, Тыркум, нэгъуэщI хамэ кьэралхэм щыщу Зеикьуэ щыхьэщIахэм ятеуха тхыгъэхэр, абыхэм кьуажэм тыгъэ кьыхуащIа тхылтэ эр, суРэтхьэхэр щIыгъуу. Му зеиР пыщIауэ щытащ Абхьаз, Кьэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэм эм, Москва, Санкт-Пе тербург, Орёл, Тулэ новск, Псыхуабэ кьалэхэм дэт апхуэдэ Iуэхущ1апIэхэм. Жуковым и медалыр си адэм кьратауэ щытащ а музейр кьыщызэрегъэпэщам папщIэ.

- И лэжьыгъэхэм пьабжьэ яхуэхьуа хэкупсэ гупсысэкIэ кьыщиГъэлъэгъуэжа тхылъ зыбжанэ кьыдигъэкIащ уи адэм. Абыхэм ар, дауи, щыIэ лэжьар школым щыIэфIих егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэхущхэхэм кьащIэхуэ зэманырщ. Абыхэм тхутепсэлъыкIыт, Арсен.

- И гущIэгъэ нэхъщхьэ дыдэу кьышщIыпыта Iуэхугъуэхэм ящыщщ зыпэрыта IэнатIэгъэ икIи егъэджакIуэ IэщIагъэм цIэрыIуэ ирихьэуауэ щытащ ар. Кьаурэр щIэныгъэ иIэр абы ирихьэлIа щIэныгъэм гъэсэным, узэщIыным, Iуэгу захуэ тегъэувэным. Хэкур фIыуэ яльагъ у, хабзэрэ щIыхуэгъэрэ яхэлъу сабийхэр кьэгъэтэджыныр лъэпкъепсо мыхьэнэ зиIэ Iуэхущхуэу кьилъытэу щытащ ди адэм. ЗэрыльэкIкIи абы папщIэ куэд илэжьащ, езым и гъащIэ щапхъэхэри ди цIыху щэджащэхэм я дуней тетыкIари кьыгъэсэбэпуэ.

Адыгэ лъэпкъ гъэсэныгъэм и щэхуэхэм, абы и Iэмалхэмрэ чэнджэщэхэмрэ щыгъуазэ дахуэящI тхылъ зыбжанэ кьыдэзэрегъэпэщащ. Абыхэм я щIэныгъэ хуэмыдэ, щIэныгъэ зэрыгъэгъуэтащ. Нурбий зэи щыгъупшащэу, зеиншэу кьыщынэм, хуащэдэсхэмрэ колхоз унафэщIхэмрэ кьыхуащIауэ щыта гулыитэр. «Абыхэм, сызыпIыжа си адэшхуэ-анэшхуэм я фIыгъэкIэ кьэзэухащ курыт еджапIэр, университетым щIэныгъэ нэхъыщхьэ хэр гъэбзэгъуэным, и лъэщагъыр гъэбдэным, мамырыгъэм я тепъхьэу, я гур кьабзэрэ я бзэр дахэу, хьэл-щэныфIэу, щIыху нэс у, хэкупсэ щIэныгъэ кьэгъэтэджыным хущIэжьу дэтхэнэми я дэIепыкъуэгъуэ.

ЕгъэджакIуэ, гъэсакIуэ, узэщIакIуэ кьудейтэкъым ди адэр. Ар апхуэдэуи журналистт, жыIаIэу зэ лжьакIуэ емызэщI. Ди адэм и тхыгъэ купщафIэхэр радиомкIэ щIэх-щIэхыуэрэ кьатырт, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Іуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэм кьыт ехуэрт. ЦIыху хэтыкIэ дахэ зиIа абы «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм кьыдилъэдэкIауэ щытащ ауан, гушыIэ хъыбархэр щIэныкъэ-гъэ тхылъ зыбжанэ: «Сатыр пIаскIуэхэр», «Дизкъуажэ», «Дизкъуажэ я мэгушIэ», «Хьуэжэ и таурыхьхэр», «Дизкъуажэрэ Хьуэжэрэ», нэгъэущIэрэ. Лъэныкъуэ я хуэд кьызэщIэзыубыдэт абы бгъэдэлъ зэчийр. Ди адэм итхауэ усэ гупи щыIэщ. Абыхэм ящыщ щым, Къзэанокъуэ Жэбагъы теухуам, сэ щыгъуазэ, «Нур» журналхэм кьыт ехуэрт. ЦIыху хэтыкIэ дахэ зиIа абы «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм кьыдилъэдэкIауэ щытащ ауан, гушыIэ хъыбархэр щIэныкъэ-гъэ тхылъ зыбжанэ: «Сатыр пIаскIуэхэр», «Дизкъуажэ», «Дизкъуажэ я мэгушIэ», «Хьуэжэ и таурыхьхэр», «Дизкъуажэрэ Хьуэжэрэ», нэгъэущIэрэ. Лъэныкъуэ я хуэд кьызэщIэзыубыдэт абы бгъэдэлъ зэчийр. Ди адэм итхауэ усэ гупи щыIэщ. Абыхэм ящыщ щым

жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Жылау Нурбий 80

Лъэпкъ хабзэм и лъабжьэр куущ

Гъэсэныгъэр дэтхэнэ лъэпкъми и щэнхабзэм щыщ Iыхьэщ. Ар зы махуэкIи, зы илъэскIи, зы цIыху ныбжькIи зэфIэувэрэкъым, абы и лъабжьэр куущ, лъэпкъ тхыдэм, гъэгуанэм ущымыгъуазэмэ, ар зытеущыхьар гурыIуэгъуэ мыхъункIи хъунущ. Дэтхэнэ лъэпкъми и гуращэщ и хабзэр, и бзэр, щэнхабзэр ихъумэжыну. Абы гульытэ хуэзымыщIыж лъэпкъым гъащIэ кIыхь иIэжкъым. Дауи, хабзэми, абы хыхьэ гъэсэныгъэ Iэмалхэми зэманым къыдэкIуэу зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр ягъуэт, ауэ ахэр зэхъуэкIыныгъэщ, армыхъумэ зэхэкъутэныгъэкъым.

Сабий гъэсэныр унагъуэрщ къыщежьэр, ауэ ар унагъуэм исхэм я закъуэкIэ зэфIэкIыркъым. Пасэм адыгэхэм я щIэблэр гъэсэным балигъ хьуа псори хэту щытащ: ар я благъэ е хамэ цIыху - абы мыхьэнэ иIэтэкъым - сабийм имыщIапхъэ ищIэу е жимыIапхъэ жиIэу зыльагъу дэтхэнэми и кьалэнт ар къыдэтригъэувыIэну, зэрыщытын хуейм хуигъэлущыну. Нэхъыжьым и псалъэхэр щIэблэм щапхъэ яхуэхъун папщIэ, ар езыр лъэпкъ хабзэм тет цIыхуу щытын хуейт. Армырамэ, абы и псалъэхэми кьинI щыIэтэкъым. Апхуэдэу сабийр щапхъэ дахэм щIапIыкIырт. ЩIэблэ мыгъасэм, сэхъуан я адэ-анэр емыкIу ящIырт, зэхуэсрэ ягъэукIытэу. Сабийхэм цIыкIу щIыкIэ зыхальхъэ хьэлхэм ящIщт я лъэпкъ, я нэхъыжь напэр трамыхыу псэун зэрыхуейр. Абы и лъэныкъуэкIэ гъэщIэгъэнщ мыпхуэдэ псалъэжьыр: «Лъэпкъ напэр зылIми трехьф, лъэпкъ щIыхьри зы лIым еIэтыф».



Сэлэт Жылау Нурбий. *1952 гъэ*

И щхьэгъусэ Тансэрэ и нысэ Лолэрэ и гъусэу.

1999 гъэ

ГъэсакIуэ нэхъыщхьэ

ЩIэблэщIэр зэрагъасэ Iэмалыфlхэм ящыщщ лэжьыгъэр. Аращ абы къэрал унафэ щIыгъащIыхьыр, цIыху Iущхэр, еджагъэшхуэхэр куэдрэ щIыпетрсэлъэхьыр. А Iуэхуэм гупыIтэ нэс хуимыщIу зи быныр къэзыгъэхъуа адэ-анэхэрщ къуэзаб ин зи пщэ кьыдэхуэжхэр. ГуащIэдэкI хьэлэлым хуэгуапэу, хуэIэрыхуэу щIэблэр мыгъэсамэ, абы мыхъумыщIагъэ куэд къокI.

Псори - фIыри Iейри - унагъуэм кьыщожьэ. Хьэкъуцыкъу тхьэщIыкIэ, унэ зэпыIухыкIэ, пщэфIякIэ, жьыщIэкIэ зымыщIэ ныс зэрыхьа унагъуэри нэхъ гугъуехь мащIэ Iууэркъым. Апхуэдэ дыдэщ Iэщlагъэншэу, лэжьыгъэншэу, Iэнатlэ гуэрым тэмэму Iумызагъэу, зыхэт гупым ядэмыхъуу, ядемыкIуу еса гуэр малъхъэ зыхуэхъу унагъуэм и Iуэхури. Балигъыпlэм иува уи бынм щхьэкIэ умыукIытэн папщIэ, ар щысабийм кьыщегъэжьауэ лэжьыгъэм щIэпIыкIын, кьызыпикIуэтрэ зыIэпыIуидэ Iэнатlэрэ щымыIэу гъэсэн хуейщ. И фэрэ и ныбэрэ хуэмыныкъуэмэ, хуэзэфIэкIыну лэжьыгъэхэр сабийм щIытепIэтхыкIын щIыIэкъым. ИтъащIэми къоkIуэкI цIыхур цIыху зыщIыр лэжьыгъэрщ жаIэу. Ауэ адэ-анэхэр хуэсакъын хуейщ залымыгъэкIэ, фIэмыфIу, гъуэнщэу Iуэхур сабийм егъэщIэным. Апхуэдэ гъэсэкIэм къихь мыхъумыщIагъэхэм ящыщщ сабийр Iуэхум хэмызагъэу, гущыкI, жагъын хуиIэу къэхъуныр. Зэдэлэжьэныгъэм, зэдэIэпыкъуныгъэм, лэжьыгъэ дахэм и Iэфыр зыхищIэу къэгъэхъун хуейщ дэтхэнэ ныбжьыщIэри.

ШколакIуэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ еджэныкъэ лэжьэнымрэ чэзу гуэрым тету зэблэхъуным. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри щIэщыгъуэу щытыпхъэщ сабийм и дежкIэ. ИщIэм щыгуфIыкIыу, абы кьуриIуэну хъерым пэплъэу лажьэм сыт хуэдэ Iэнатlэри къехьэлъэкIынукъым.

Нэхъыбэ кьыздикIымкIэ, нэхъ хэхъуэ здэщыIэмкIэ зегъэбэнэм хуэгъэса хьуа щIалэгъуалэр лэжьакIуэрГ хьунукъым, цIыхуми тэмэму яхэтыкфынукъым. Апхуэдэу гугъу ехьыну зи щхьэ закъуэм хуэуплъэпхьащэу, езым и фейдэ зыхэлым фIэкIа нэгъуэщIыр кьызыфIэмыIуэхуу къэхъуахэри. Апхуэдэхэм дзыхьи пщIэи зэи хуащIынукъым.

Лэжьыгъэ Iейрэ зэжьыгъэ цIыкIурэ щыIэкъым. Лэжьыгъэмрэ цIыхугъэмрэ зэпхащ. Ди бынхэм лэжьыгъэншэу, купщIэнщэу зэманыр зыгъакIуэ зэрахэмытыным дыхущIэвгъэкъуэ.

Сабийм щапхъэ нэс хуохъу

Адэу е анэу ущытыныр насыпышхуэщ, щIыхьышхуи зыпылщ. Апхуэдэ дыдэуи ар жэуаплныгъэшхуэ зыхэлъ кьалэнщ. Кьилъхуами, быныр зымыпIым, зымыгъасэм а щIэ лъапIэмкIэ ущIеджэн щыIэкъым. Дэтхэнэ зы балигъри сабийр фIым, щIэм хуэзыгъасэ, хуэзыущийуэ щытын хуейщ. Пэжщ, сабийр гъуэгу тэмэм тегъуэвэнщ адэ-анэ псоми зэхуэдэу кьайхъулIэркъым. Абы и щхьэусыгъуэр сабийр IурыщIэ зэрыщIыпхъэр, кьалэн щащIым и гурыгъэIуэкIэр езыхэми яхуэзгъэтрэзэкъыми аращ.

Сабийм кьалэн пыухыкIа хуэзымыгъэувыр, абы хуищIа унафэр зэригъэзэщIа щIыкIэр ткIийуэ кьэзымыпщытэж адэ-анэр гъэсакIуэфIу кьэпльытэ хьунукъым. Мыбдежым кьыкIыркъым быныр удынкIэ, щынагъэкIэ бгъэIурыщIапхъэу, атIэ езым и ныбжь, и хьэл-щэн ельытакIэ, щабэу, гуапэу гурыбгъаIуэу, уи щапхъэфIхэр къэбгъэсэбэпурэщ зэрызэбгъэдэIуэнур, зэрыбгъэсэнур. Быныр кьомыдэIуэныр къэзышэфыну Iуэхуэм ящыщщ абы хуэзэфIэмыкIын кьалэн пщэрыпь хуэпщIэр ар зэримыгъэззэщIам щхьэкIэ уеныкъуэкъужьныр. Е имышIагъэкIэ, и щIалагъэкIэ Iэщlэкlа щыуагъэр щичэзуми щымыIэзуми еудэкIынщ. Апхуэдэу сабийм дэпщIэ и мыхъумыщIагъэхэр къэпIуатэ хьунукъым и ныбжьэгъухэр е и жагъуэгъуэр щыту. Дзы гуэрхэмкIэ е псалъэ гурымыхьхэмкIэ уеджэурэ гуэзрыдзэ ебгъэщIми, абыкIи нэхъ жыIэдаIуэ хъунукъым.

Ильэс 14-16-м нэса ныбжьыщIэхэрщ нэхьыбэу зыхуэсакъын хуейр. Абыхэм е нэхъыжьыуэхэм зыгуэр ебгъэщIэну унафэ ткIий яхуэпщIын ипэ кьихуэу, езым и мурадхэм, нIэ Iуэхуэхэм щIэупщIэныр нэхъ тэмэмщ. Зыщыбгъэгъупщэ хьунукъым абыхэм ныбжьэгъу зэраIэр, гуп зэрахэтыр. Ерта кьалэныр пщIэ зыхуэпщI хьун щхьэусыгъуэм кьыхэхIыу зэфIимыхамэ, абы еныкъуэкъу, уфIэнэ, уещхьэфауэ хьунукъым, жыIэмыдаIуэри убжьпхъэкъым.

Унагъуэм ис нэхъыжьхэм я зэхуэщытыкIэр, зэпсэльэкIэр щапхъэ нэс хуохъу сабийм. Балигъхэм ар хьэкъыу япхыкIауэ щытын хуейщ икIиban ягъэсэн и пэ, езыхэр зыкIэлъыплъыжьын хуейщ я IуэхущIафэкIи цIыху хэтыкIэкIи. ЕкIымрэ емыкIымрэ зыщIэу кьэтэджа сабийр балигъ хьуа нэужь, цIыхубэм гунэс ящыхьун хьэлщэнкIэ псыхьауэ гъэгу теувэнущ.

ЖЫЛАУ Нурбий.

(«ЩIэблэр гугъапIэщ», «ЩIэнгъасэ» тхылъхэм кьыхэхтащ).

Дизкъуажэ жылэхэр къекIухь

ЩIэхыу пIастэ щIы

Дизкъуажэ и гъунэгъум мэл иукIауэ щиIьагъум:

- ЩIэхыу пIастэ щIы, фыз, - жиIащ.

- Дэтщхьи димыIэу сыт пIастэ щIэсщIынур? - къэуIэбжьащ фызыр.

- ЩIы уэ, ди гъунэгъум мэл бзэгъуэ ящIащи, гъунэгъу Iыхьэ кьытхуахьынщ.

- Кьытхуамыхьым-щэ? - зи гъунэгъум и пIалъэр фIыуэ зыщIэ фызыр аргуэру щIэупщIащ.

- Кьамыхьмэ, жьэнфэныр щагъажьэкIэ, абы и жьэрымэм дэтшхынщ, - жиIащ Дизкъуажэ.

Щы...тIу

Дизкъуажэ гъуэгум жэщ кьыщытехъуэри унэ гуэрым дыхьащ. ГъуэгурыкIуэр гуапэу ирагъэблагъэри...

- Янэ узрихьэлIэ шхыныфIщ, - жиIуэрэ унэгуащэм кIэртIофэ гъэва кьытригъэуващ, бахьейр кьыхихьу.

Мо фIыуэ мэжэлIа Дизкъуажэ кIэртIофхэр зэрыпсэууэ жьэдигьэтIысхьэу щIидзащ.

- Зэкъуэш дапщэ фыхьуро? - кьеупщIащ абы хэту бысымыр. Асыхьэтым кIэртIофэ жьэдэлъти, зэкъуэшиц зэрыхьур кьиригъэлъагъуэу, Дизкъуажэ и Iэпхъуамбищэр кьиIэтат, ауэ и тэмакъыр кIэртIофэ пщтырым ирисыхьу щIуесжьэм, псынщIэу Iэпхъуамбэ ещанэр игъэпщкIуэжащ, «сэ сахьумыбжэ, къэнэжыр тIущ» жьхуиIэу.

Сэ насып сиIэт, ахъумэ...

- Уэлэхьи, Хьэжбий, нобэ сыщIэфлъхьэж пэтам, - жиIащ Дизкъуажэ и ныбжьэгъум щыхуэзам.

- Сыту, Iэгъу? Къэхъуар сыт?

- Насып уиIэмэ сыт хэть, ахъумэ, нобэ сэ кьэплъагъур метрибгъу зи кIыхьагъ пкIэлъэм сыкьехуэхащ, ауэ...

- Е зиунагъуэрэ, абы дауэ укьела-тIэ? - Хьэжбийм гуэавэу и ныбжьэгъур щызэпиплъыхьым:

- Аркъэ-тIэ «ауэ» жыхуэсIэр. Сэ насыпыжьыр сиIэти етIуанэ теуваПIэм дежщ сыкъыщехуэхар, - жиIащ Дизкъуажэ.

Ярызщ, къиун кьудейуэ

Гупыр тIыса кьудейти, псори сабырт. СтIолым кьытрагъэува птулькIэхэм еплъурэ:

- Мырелъ, ярызщ, ярыз, кьиуну хьэзырщ, - жиIащ Дизкъуажэ.

- Хьэуэ, из дыдэкъыми, ярыз хабзэм хэдизщ, - кьэпсэльащ зы.

- Сэ жьхуэсIэр фадэр-къым, атIэ а птулькIэхэм псалъэмакъыу итырщ, - пидзыжащ Дизкъуажэ.

Джэдыгу... фо

Дизкъуажэ и фызыр сондэджэрхэм япыщIа хьуат.

- Сэ сльагъу мыхъухэм ящыщ уэ пэшэгъу щыпщIакIэ, уэрэ сэрэ ди Iуэху зэхэлъыжкъым, - жиIэу икIэмикIэжым абы и фызыр щригъэкIыжым:

- КхьыIэ, нэгъэщI мыхъуми, зы псалъэ хуабэ кьызжеIэж, - кьэлъэIуащ фызыр.

- Джэдыгу! - пиупщIащ Дизкъуажэ.

- Ан-на, сэ мэуэ зы псалъэ IэфIщ жьхуэсIэр...

- Фо, - нэхъ кIэщIыжу кьэпсэльащ ар.

УкъацIыхужьыну пIэр?

Хъыджэбз гуэр зыщIыпIэ ираджэрти:

- Тхьэ, абы япэми сыщыIащи, сыкъамыщIыхужмэ нэхъ кьэсщтэнум, - жиIащ.

- НтIэ, абы Iэмал иIэщ, - жиIащ и дзлъэу цIыкIум.

- Сыти? И?

- Иджы зумылэу кIуэи зэфIэкIащ.

Гуэвэгъуэжкъым

И пхъум щIалэ цIыкIуитI кьыззрильхуар анэм щызэхихым:

- Ан-на... сыту фIыт ар! Мис иджы кърагъэкIыжыныкъым, кърагъэкIыж хьуми, алиментым ирипсэунщ, - жиIащ, хьуэхъуэныр и пщIыхьэпIэ кьыхэмыхуэххэу.

Зэ сашащэрэт...

«Бэлагъым хьыджэбзыр ебзеймэ, и фызышэр уэлбанэрилэ мэхъу», - жаIэу зэхихат Нафисэти, зэпымычу бэлагъым ебзейрт.

- Сыт-на, а пщIэр, ар фIыкъым, уи хьэгъуэлIыгъуэм ирихьэлIэу уэлбанэ хьунущ, - щыжраIэм:

- Хъуа мыгъуэми здэнт, зэ сашащэрэт, - жиIащ жи Нафисэт.

Бетэмал!

ЗэлIэзфызыр зэфIэнат. ЛIым и псалъэр зэпиуду фыз губжьам:

- Сыту акъылыншэ ухъуа, дыдыд Iей мыгъуэ! - щыжиIэм:

- Бетэмал, нэгъэщI мыхъуми, а иджы сиIэ акъылым и ныкъуэр сиIащэрэт уэ пэшэгъу ущIыну сигу кьыщихьам щыгъуэ, - пидзыжащ лIым.

* * *

Ар цIыху Iущхэм ящхьщ, ауэ зэрещхьыр и щыгъынхэмкIэщ.

* * *

Апхуэдизкъуэ кьытекIиеу, унафэ кьыхуащIу есат ари, щабэу е лъэIу хэлъу зыгуэр жепIэкIэ зыпхужгъэзэнутжкъым.

* * *

И кьудыкъуэ IэщIэкIынкIэ щыщынэм и дежщ абы ныбжьэгъу зэрилэр игу кьыщыкIыжыр.

* * *

Ар, цIыхум пщIэ зэрыхуащIыр кьудыкъукIуэ кьыщыхъуIауэ, езымиI щIыхь кьыхуащI хьун щхьэкIэ, кьудыкъуэ гуэр зэрызыIэригъэхьэным хущIокъу.

ЖЫЛАУ Нурбий.

ЖыIэгъуэхэр

А фызыр мазэм тIэу кьонэщхьыфIэ - ар и лIым лэжьапщIэ кьыщрат махуэхэщ.

* * *

«Нэгъэущ мыхъуми дзыгъуэ игъэщтэнкъэ», - жиIэрт абы, имыупсу пащIэ кьытринам щхьэкIэ.

* * *

Апхуэдизкъуэ щIыупст ари, и анэр лIауэ щхьэкIэуэ кьыщригъэкIухьым цIыхухэм я фIэщ хьужьртэкъым.

* * *

И лэжьэгъуэм чэф зэпыту яхэтыныр зыуи кьыщыхъужьртэкъым а унафэщIым. Уеблэмэ, апхуэдэу зэрыщытыр зыгъэщIагъуэ кьахэкIмэ:

- Мыр сыт, иджы япэу сыкъыщыплъагъур! - кьэуIэбжьырт ар.

* * *

Ар цIыху Iущхэм ящхьщ, ауэ зэрещхьыр и щыгъынхэмкIэщ.

* * *

Апхуэдизкъуэ кьытекIиеу, унафэ кьыхуащIу есат ари, щабэу е лъэIу хэлъу зыгуэр жепIэкIэ зыпхужгъэзэнутжкъым.

* * *

И кьудыкъуэ IэщIэкIынкIэ щыщынэм и дежщ абы ныбжьэгъу зэрилэр игу кьыщыкIыжыр.

* * *

Ар, цIыхум пщIэ зэрыхуащIыр кьудыкъукIуэ кьыщыхъуIауэ, езымиI щIыхь кьыхуащI хьун щхьэкIэ, кьудыкъуэ гуэр зэрызыIэригъэхьэным хущIокъу.

ЖЫЛАУ Нурбий.

Къэзанокъуэ Жэбагъы

Псалъэхэр Жылау Нурбий ейщ *Макъамэр Жылау Арсен итхащ*



1.

Лъэпкъ лIы Iущу Къэзанокъуэ,
Лъэпкъыжь набдзэу Жэбагъы,
Гъищэ Iэджэ блэкIа пэтми,
Ущыпсэущ ди гущIэ зъапсэм.

Ежьу:

Уей, зи щIыхьым дырипагэ
Къэзанокъуэ Жэбагъы!
Уей, зи псалъэм дыригушхуэ
Къэзанокъуэ Жэбагъы!

2.

Тхьэгурымагъуэ Жэбагъы,
Хэку гьэлъапIэр зи гупсысэ,
Пся гуапагъэр зи уаз пэж,
Пэжым тетыр зи Iумэт.

Ежьу

3.

ХеящIэ щыпкъэм уи хьэл-щэнр
Шэрджэс щIэблэм ар ди гъуазэщ.
ДыпсэуэукIэ упсэунщ,
ДыпсэуэукIэ угъуэзэнщ.

Ежьу

4.

ЗифI шхыжьныр зи хьэл-щэнхэм
Яхуэфащэу хъуар ебдзащ.
Лъэпкъым дежкIэ щышынагъэм
Уи акъылыр къэрэгъулт.

Ежьу

ФIэхъус ехыкIэхэр

Мыхьэнэшхуэ иIэт щIэблэм цIыху хьхьэкIэ-хэтыкIэ ящIэным. Апхуэдэ гупытэм кьыщыщIидзэрт псалъэми Iуэхуми я кьежьапIэ фIэхъусэзэламыр тэмэму цIыхум ехьыным. Аддэ, зэман жыжьэм, цIыхухэр зэрихьэлIамэ, Iэщэ зэрамыIыгъым, яIыгъыпэу щытми, абы хуемыкIуэну дзыхь зэрызэхущIым и нэщIэнэу, абыхэм я Iэхэр зэхуахишрт. Апхуэдэу Iэубыдыр къежьащ, абы дыщыщIидзауэ ди нобэм къэс пъэпкъхэм кьадокIуэкI, дэтхэнэми езым и ехьэлам ехьыкIэ хэха иIэжу. Сэлам ехьыкIэхэр елытащ пъэпкъым и дуней тетыкIэм, хьэл-щэным, гупсысэкIэм, зэрыт диным, хьикIуа тхьидэ гъуэгуанэм. Ахэр зэмылIэужьыкIыгъуэ Iэджэ мэхъу.

♦ «Сэлам алейкум!» жаIэу сэлам зэзыхыр цIыхухъуэхэрщ, цIыхубзхэм апхуэдэу сэлам зэрахьу ухуэзэркIым, ауэ «Уи адэм, уи дзэхъум сэлам схуехьыж», - жиIэу бзыльхугъэм зыхуэзыгъэза цIыхухъум «Уалейкум сэлам!» - жэуапыр кьретыж.

♦ Бзыльхугъэхэм ущыхуэзэкIэ, «Уи пщэдджыжь (махуэ, пщыхьэщхьэ) фIыуэ!» - жыпIэмэ, нэхъ екIуп. Жэуапу кьыпэкIуэж хьунущ «Пасыпыфlэ ухъу!», «Жьыщхьэ махуэ ухъу!», «Пщэдджыжьыфl (махуэфl, пщыхьэщхьэфl) Тхьэм къунт!» жыхуиIэхэр, зыжепIэм и ныбжьымрэ махуэм и зэманымрэ ельытауэ.

♦ ЩIыхуэхэр щыщIэзгъэкIыжкIэ зэIэпах фIэхъусхэр мыпхуэдэщ: «Уи пщэдджыжь (махуэ, пщыхьэщхьэ) фIы ухъу!». Апхуэдэхэм падзыж, Iуэхуэр зыIутым ехьэлIауэ: «Уи Iуэхуэ фIы ирикIуэ!» (Iуэху гуэр яужь иту IукIыжмэ); «Насыпыфlэ (жьыщхьэ махуэ) ухъу!», «ФIыкIэ!», «ФIыкIэ дызэхуэзэ!».

♦ ГъуэгурыкIуэхэр щызэблэкIкIэ, «Гъуэгуажь апщий!» - сэламым жэуапу «Упсэу апщий!» етыпхъэщ.

♦ Лажьэм щыбгъэдыхьэкIэ, «Iуэхуфlохьу апщий!», шхэм щыбгъэдыхьэкIэ, «Щэрэ щэрэ пхухъу!» - сэламхэм я жэуапу «Упсэу апщий!», «Насыпыфlэ ухъу! Кьытхьыхьэ! Къэтыс!» жаIэ хабзэщ.

♦ Гупу зэхэсым «Гуп махуэ апщий!» жраIэ. ВакIуэм, жыпасэм «Бэв ухъу апщий!», Iэщыхьэм, бжьахъуэм «Убагъуэ апщий!» сэламхэр ехыпхъэщ. Абыхэм я жэуапщ «Бэв хьун ульагъу!», «Бэгъэн Тхьэм къунт!» псалъэхэр.

♦ Сэлам птын и пэкIэ уи Iэхэр уи жыпым кьипхын хуейщ. Сэламыр япэу зытыр блэкIырщ, бгъэдыхьэрщ, пъэщIыхьэрщ.

Хъуэхъу кIэщIхэр

♦ Бостеяпхъэ, щэкIым кьыхэщIыкIа хьэпшын зратыр «Дыкьылу Iулъым хуэдиз пасыпрэ гъащIэрэ Тхьэм къунт!» - жиIэу йохъухъу ар кьезытым.

♦ ШхынигъуэкIэ зыхуэупсэр «Уи Iыхьэ кIыхь ухъу! Кьызыхэпхар убагъуэ! Тхьэжыгъуэ Тхьэм къунт!» - жиIэу мэхъуахъуэ.

♦ Унэщ щIэтIысхьам щехъуэхъукIэ, «Унэ махуэ фхухъу! Тыншыпlэ Тхьэм фхунщ! КьыщIыхьэм насып кьыщIихьэу, щIэкIыжьым акъылрэ нэмысрэ щIихьу Тхьэм куэдрэ фигъэпсэу!» псалъэхэр жраIэ.

♦ Хъьбарыфlкlэ е Iуэхугъуэфl гуэркIэ игъэтгуфlар мэхъуахъуэ: «Гуфlэгъуэ куэд Тхьэм къунт! Нэмысрэ насыпрэ Тхьэм къуипэсI» жиIэу.

♦ Iуэхутхьэбзэ зыщIа щIалэм (хъыджэбзым) йохъуэхъу: «ЩIалэфl (хъыджэбзыфl) ухъу! Насып натIэ ухъу! Уи гуащIэр багъуэу куэдрэ Тхьэм унгъэпсэу!»

«ЩIэнгъасэ» тхылъым кьытхьащ.

Литературэ-хэкудж гупым хэтхэм «Макьыщlэхэр» блын газетымрэ «Ямэ лъэбакъуэхэр» Iэрытх журналымрэ къыдагъэкIащ. *1963 гъэ, жэпуэгъуэм и 15*

Нурбий къызэригъэпэща къуажэ музейр ноби мэлажьэ.

И къуэрылъху, пхъурылъху цIыкIухэм яхэщ. *2000 гъэ*

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм
Малъхъэдис

●Джэрпэджэж

Джэ макъым сегъэпIейтей

Хьэх Сэфарбий и тхыгъэм, «Адыгэбзэр къедвгъэгъэлI» псалъащхьэм щIэту «Адыгэ псалъэ» газетым накьыгъэм и 18-м къытех уам, хэбдзынх з эпькъым. «Удын зэ хдзэ нэ хьрэ - Iыхьэ зэхэдзэ» жиIащ адыгэм, сэри абы теухуа си гупсысэр къэзгъэлъэгъуэныр сфIэигъуэщI.

Дуней псом щикъухьа адыгэхэм я гукъеуэщ я анэдэлъхубзэр щэрыуэу зэрамышIэжкьр. Абы и щхьэусыгъуэ нэхьыщхьэр хамэ лъэпкъхэм яхэшыпсыхьыж адыгэм и бзэр нэсу зригъэщIэну Iэмал зэримыIэрщ, хэкурысхэми хамэбзэм хуэдэу фIэкIа зэрамыджырщ. КъызыхэкIам и бзэр сабийм Iурыльныр школхэм хэт адыгэбзэр щадж пэшым щекIуэкI лэжьыгъэм и закъуэкIэ зэфIэкIырыкьым. ЕгъэджакIуэм и кьалэнхэр дагъуэншэу игъэзащIэми, еджакIуэм дерсым тху кьыщихьми, абы кьыщIэкIыжа сабийр анэдэлъхубзэкIэ мыпсалъэмэ, ищхьэкIэ зи гугъу сщIахэм мыхьэнэ яIэкъым. Класс кIуэцIым щрагъэджэ класс щыбым бзэр хамэ щыхьумэ, сыт тхуэзфIэкIыуэр?

Сабийр цыкIу щыкIэ гъэсэн хуейщ и адэ-анэм, и лъэпкым, мыкIыхьуа жылэм, льахэм ирипагъу, гушхуэу Дуней мотетын щхьэкIэ. Абыкlэ гушхуэныгъэ имыIэмэ, и псэр пIытIауэ, дэкъуэзауэ, мыкIуэмытэу кьэхъунущ. Апхуэдэм Iэщагъэ тэмэми зригъэгъу этыфынукъым, цIыхъ уми тэмэм у яхэззэгъэнукъым. Аха зрэ гъэхьгъ уафIэу, хьэл лейхэр псынщIэу кьащтэу кьэхъунущ.

Егъэджэныгъэ программэм классщIыбэ лэжьыгъэр хэтщ щIэныгъэм хэзыгъахьэу Iэмалхэм ящыщ зыуэ. Си гугъэмкIэ, а Iэмалыр хуэгъэлэжьэн хуейщ адыгэбзэми.

Къаралхэм, къуажэхэм зэрагъэпэхэм я цIэхэр зэрыстетхар хамэбзэщ, абы щIэль хьэпшыпыр зыхуэдэр тыкуэнтетым кьызэрыбжиIэр урысыбзэщ. Дэнэ дынэсыну апхуэдэ щыкIэкIэ?

Хьэх Сэфарбий и тхыгъэр гум кьоШхыдыкI. Цыхър шхыдэным щынэсыр къуаншагъэхэр щыхуэмыхьыжьым дежщ. Хьэхым хэкIыпIэ гъэрх эри кьеГъу эт, нэхь зызыхуигъаз эри кьулыкъущIэхэрщ, яэнныкъуэ тхакIуэ-тхыдэнтхэрщ. Сэфарбий и гукъеуэр абыхэм яфIэIуэхуну пIэрэ? Сэ сызэреплъымкIэ, кьуажэдэхэсэм яхэпсэлъыхьыну кIуэ кьулыкъущIэхэр абыхэм хамэбзэкIэ емыпсалъэмэ нэхьыфIщ, сыт щхьэкIэ жьыпIэмэ, яфIэIуэхунукъым.

Ди нэхъыжьыфIым и тхыгъэр зыхуэзгъэзар кьулыкъущIэх зрамэ, сэ ныбжьыщIэ хэм, щIалэгъу алэм зау зэгъэзэнут: дуней хуитыщ хэр Тхьэшхэм щIихуэар гугъэр нэхь зытещIыхьа фэ ныбжьыщIэ зращ. Фи кьэжIуэнур нэхь кIыхьщ, дэ кьэтхIуну кьытх эмэхам нэхьр. Тхьэшхуэм ЩIыр ф хуиубгъащ, уафэри кьыфрщхьэщигъэувэжащ. Абы зы Iыгъэ игурIэтIысхьащ кьыфтепсэну зы Мазэи щыIэрегъакIу э, фи гъу згъэ игъэнэхуну, вагъуэ зырызи кьывитащ фригъ уэзэну. Дуней псом я хабзэгъэуэ IэнатIэхэри зэлIалIэр фи пщэдейр нэхь тынш зэрыпсъынырщ, Бзэр егъэфIэкIуэным теухуауэ ди республикэм кьыщыдэкI хабзэхэри мащIэкьым. Ауэ хабзэри хабзэкIэщ зэрызэрахьэр.

Хэмгъэ зыIут, зи анэдэлъхубзэм пщIэ ху зэзышI, хабзэр хьэмэным ег угпу, тхыдэм хуэг умэщI хэущIахэр хуитщ уней еджапIэ яухуэ зу яГэлэжьэну. Апхуэдэ зи щыIэщ нэгъуэщI кьэралхэм.

Ар икIи узыхэпсэукIын лэжьыгъэ хьуну си гугъэщ. Апхуэдэ сабий гъэсапIэ щыIамэ, си кьуэрпльху-пхьурпльхуэхэр арат эдэзгъэкIуэнур, сыт щхьэкIэ жьыпIэмэ, апхуэдэ гъэсапIэм кьащIэкIа сабийм и псэр нэхь щабэу, езым еймрэ имеймрэ зэкигъэкIыну, адыгэ гу кIу эцIылIну кьыззэрыхь унум шэч хэлькьым. Дэ ди щIэблэр хамэг у-хамащхьэу кьыдогъэхьу.

КьыщынэмыщIауэ, мыпхуэдэ щыуагъэхэри кьохьу. КъБР-м и артист гъ зэзэрку щыта Къадзохьу Сультан (Тхьэм зэрэкIуэм щигъэтынщ) и гъащIэр ирихьэкIащ адыгэ эбзэ дахэр игъэIуэу. Дуней екьыжа нэужь, хуагъэува мывэ сыным фэеплъ псалъэхэр ущысыбзэкIэ тратхащ. Дауэ зыхищIауэ пIэрэ Къадзохьуэ и псэм ар? А сыным щIэблэр махуэ кьэ блокIыблокIыж, тетым хамэбзэкIэ кьеджэу. Абы нэхъ мыхъуми, адыгэбзэкIэ кьеджамэ, сэбэп хьунтэкъэ «хэкупсэ» псалъэм и мыхьэнэр кьащIэныжкI?

Сабийхэм ягурыгъэIуэн хуейщ Урыс-Кавказ зауэм кьикIыр. Абыхэм ар зэращIэр лъэпкъитIыр зэпэщIэувэу зэззэуауэщ. Гурыгъэгъуэу, зэпкърыхауэ яжедмыIэмэ, кьыщбгъэдэс урысхэм ухьагъэжьэ уэIэнкIэ хуунущ. Гужьгъэжьэр псэм зыхиIэ мыщIагъуэщ, лъагъуныгъэм пэщIэуэщ, щIэныгъэр зымыгъэкIуэтэщ, пэжым пэIэщIэ ухуэзэщIщ.

Класс кIуэцIм щIыбми щекIуэкI лэжьыгъэм и кьалэнщ республикIэм кьащIэхьуэ щIэблэм я гупсысэр унэтIыныр, бзэ нэхъыщхьэу щызекIуэм гулыитэ хуегъэщIыныр.

Сэ си гугъэмкIэ, классщIыб лэжьыгъэм теухуауэ программэ щхьэхуэ зэхэлъхьэн хуейщ. Ар гъэ еджэгъуэ планым нэхъ егупуу щыгъэззэщIамэ, щIэблэр нэхь гъэса хъунущ.

«Кьоджэм угигъэжейркъым», «Кьоджэр нэхъыжьщ» жаIэ, сэ нэхъыжьым и джэ макъым сигъэпIейтей э араш.

КЪАЛМЫКЪ Аднан.

●Ди сурэт гъэтIылъыгъэжэр

Композитор Кьардэн Хьэсэнрэ музыковед Хьэхъупащ Iэ Хьэжбэныррэ СССР-м и композиторхэм я V съез дым щыIэу. *Москва, 1974 гъэ*

●Хъыбар гуапэ

Дэгу Ланэ уэрэд жеIэ

«Урысейм и епщIанэ щIалэгъуэ Дельфийскэ джэгухэр» иджыблагъэ щекIуэкIащ Тверь къалэм. Абы хэтащ илъэс 14 - 16 зи ныбжь сабий мини 2-м ирблагъэ. Ахэр Урысей Федерацэм и щIыпIэ куэдым щыщ ныбжьыщIэ зэчиифIэхэт - гъуэзджэмкIэ, уэрэд жьIэныкIэ, сурэт щIынымкIэ щIыналъэ зэпеуэхэм пашэныгъэ кьыщызыхьахэр. КъБР-м щекIуэкIа зэхьэзэхуэм уэрэд жьIэныкIэ щытекIуа щIыхуипIэ хэтащ Тверь щекIуэкIа зэIущIэщхуэм. Абыхэм я гъусащ Шэшэн, Ингуш, Осетие Ищхьэрэ-Алание, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я лIыкIуэхэри. А псоми ящыщу яп увыпIэр кьыхуагъэфэщащ Налшык дэт 25-нэ курыт школым щеджэ Дэгу Ланэ. «Уэрэдхэр гум дыхьэу зэригъэзэщIам пащIэ» - итщ Ланэ кьрата дипломым. А ехьулIэныгъэхэм я фIыщIэ хэльщ пщащэр урысей зэпеуэм хуэзыгъэхьэзырахэми и егъэджакIуэхэми. Абыхэм гуапэу дохьуэхьу Дэгу Ланэ хуэдэ щIблэ куэд кьащIэхьуэну.

МЫЗ Майе,
КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.

●Щыхьшхуэхэм я гупсысэхэр

ЩIыхьыр зи Iэмыщ Iэ илъыр

Цыхъм хуэзэфIэкIыр кьыщищIэнур Iэхъум яужь ихьа нэужьщ.

СЕНЕКЭ Луций,
урым тхакIуэ, философ.

Зи гъащIэр хуиту езы-хьэкIыр зи кьалэнхэр зыгъэзащIэу дунейм тетхэщ.

ЦИЦЕРОН Марк,
урым философ.

Псалъэр Iуэхум хуэбгъэкIуэныр куэдкIэ нэхъ гугъущ, Iуэхур псалъэм хуэбгъэкIуэным нэхъыр.

ГОРЬКИЙ Максим,
урыс тхакIуэ.

Уи щхьэр лъаэу плъагу-жьныр зыужьныгъэм и бийщ.

БОРИСТЕНИТ Бион,
альдж тхакIуэ, философ.

Лэжьыгъэр сытым дежи щытащ щыхьу гъащIэмрэ щэнхабзэмрэ я лъабжьэу.

МАК АРЕНЮ Антон,
совет тхакIуэ.

Щыхьыр зи Iэмыщ Iэ илъыр лэжьыгъэращ.

ЛЕОНАРДО да Винчи,
италъян щIэныгъэлI, сурэтыщI.

● Накьыгъэм и 30-р Химикым и махуэщ

IэнатIэ куэд зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр



Профессор Алэкъэй Лерэ

Химикым и махуэр гъэкъэс щIэщыгъуагъ гуэрхэр халъхьэурэ игъэкIуэкI. Псалъэм кьыдэкIуэну жьыпIэмэ, плъэс кьэс а махуэм дамыгъэ хуащI Менделеевым и таблицэм щыщ зы элемент. Япэ дыдэу 1966 гъэм щагъэлъэпIам «водород»-р зэIущIэхэм я дамыгъэ щыхъуат кьаталэ куэдым.

Химикым и махуэр студентхэри, аспирантхэри, егъэджакIуэхэри, щIэныгъэлIхэри - химие IэщIагъэр зэзыгъэгъуэт псори - зэкъуэдзыгъуэвэ махуэщхуэщ. Химие факультетыр къэзыухахэм яхуэныкъуэщ щIэныгъэ, промышленнэ, хьэрыкъэтыщIэ IэнатIэхэр. Химием дихьэхьуэрэ ар IэщIагъэ зыхуэхъуа бзылъхугъэхэращ зэрыжьыщIэ порошокхэр, сэхуэсэплъ зэхуэмыдэхэр, лъэпэд пIащIэхэр къэгупсысыным яужь итат.

НэгъуэщI екъулIэныгъэ куэди зыIэрагъэхьащ химием елэжьхэм. А IэщIагъэр кьыхэзыхахэм я щапхъэу дэ диIэщ Кавказ Ищхьэрэм япэ дыдэу химие щIэныгъэхэм я доктор щыхъуа Алэкъэй Лерэ Аскарбий и ныбжьыщ. КъБКъУ-м и профессор адыгэ бзылъхугъэр хэтщ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и Кавказ Ищхьэрэ щIэныгъэ къудамэм и советым, ЩIУА-м и Совет Нэхъыщхьэм. Ар апхуэдэуи Естественнэ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и академикщ. Апхуэдэ гулъытэкъэ хуэфащэ дыдэщ Алэкъэйм. Сыт щхьэкIэ жьыпIэмэ, ди лъэпкъэнтIу бзылъхугъэм и гъащIэ псор тыхь хуищIащ лъэпкъ щIэныгъэм зегъэужьыным, IэнатIэр и химие къэхутэныгъэщIэ-хэмкIэ егъэфIэкIуэным. Абы и щIэр иратхащ «Бгылъэ щIынальэм и бзылъхугъэхэр», «Аналитика химием зэфIэкI лъагэ щызыIэхэр» тхылъхэм. Алэкъейр и унафэщIщ «ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ хэт бзылъхугъэхэр» республикэ цIыхубэ зэгухьэныгъэм.

ДОХЪУШОКЪУЭ Дыщэнэ.

НапэкIуэщIыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

●Джэрпэджэж

Джэ макъым сегъэпIейтей

Хьэх Сэфарбий и тхыгъэр гум кьоШхыдыкI. Цыхър шхыдэным щынэсыр кьуаншагъэхэр щыхуэмыхьыжьым дежщ. Хьэхым хэкIыпIэ гъэрх эри кьеГъу эт, нэхь зызыхуигъаз эри кьулыкъущIэхэрщ, яэнныкъуэ тхакIуэ-тхыдэнтхэрщ. Сэфарбий и гукъеуэр абыхэм яфIэIуэхуну пIэрэ? Сэ сызэреплъымкIэ, кьуажэдэхэсэм яхэпсэлъыхьыну кIуэ кьулыкъущIэхэр абыхэм хамэбзэкIэ емыпсалъэмэ нэхьыфIщ, сыт щхьэкIэ жьыпIэмэ, яфIэIуэхунукъым.

Ди нэхъыжьыфIым и тхыгъэр зыхуэзгъэзар кьулыкъущIэх зрамэ, сэ ныбжьыщIэ хэм, щIалэгъу алэм зау зэгъэзэнут: дуней хуитыщ хэр Тхьэшхэм щIихуэар гугъэр нэхь зытещIыхьа фэ ныбжьыщIэ зращ. Фи кьэжIуэнур нэхь кIыхьщ, дэ кьэтхIуну кьытх эмэхам нэхьр. Тхьэшхуэм ЩIыр ф хуиубгъащ, уафэри кьыфрщхьэщигъэувэжащ. Абы зы Iыгъэ игурIэтIысхьащ кьыфтепсэну зы Мазэи щыIэрегъакIу э, фи гъу згъэ игъэнэхуну, вагъуэ зырызи кьывитащ фригъ уэзэну. Дуней псом я хабзэгъэуэ IэнатIэхэри зэлIалIэр фи пщэдейр нэхь тынш зэрыпсъынырщ, Бзэр егъэфIэкIуэным теухуауэ ди республикэм кьыщыдэкI хабзэхэри мащIэкьым. Ауэ хабзэри хабзэкIэщ зэрызэрахьэр.

Хэмгъэ зыIут, зи анэдэлъхубзэм пщIэ ху зэзышI, хабзэр хьэмэным ег угпу, тхыдэм хуэг умэщI хэущIахэр хуитщ уней еджапIэ яухуэ зу яГэлэжьэну. Апхуэдэ зи щыIэщ нэгъуэщI кьэралхэм.

Ар икIи узыхэпсэукIын лэжьыгъэ хьуну си гугъэщ. Апхуэдэ сабий гъэсапIэ щыIамэ, си кьуэрпльху-пхьурпльхуэхэр арат эдэзгъэкIуэнур, сыт щхьэкIэ жьыпIэмэ, апхуэдэ гъэсапIэм кьащIэкIа сабийм и псэр нэхь щабэу, езым еймрэ имеймрэ зэкигъэкIыну, адыгэ гу кIу эцIылIну кьыззэрыхь унум шэч хэлькьым. Дэ ди щIэблэр хамэг у-хамащхьэу кьыдогъэхьу.

КьыщынэмыщIауэ, мыпхуэдэ щыуагъэхэри кьохьу. КъБР-м и артист гъ зэзэрку щыта Къадзохьу Сультан (Тхьэм зэрэкIуэм щигъэтынщ) и гъащIэр ирихьэкIащ адыгэ эбзэ дахэр игъэIуэу. Дуней екьыжа нэужь, хуагъэува мывэ сыным фэеплъ псалъэхэр ущысыбзэкIэ тратхащ. Дауэ зыхищIауэ пIэрэ Къадзохьуэ и псэм ар? А сыным щIэблэр махуэ кьэ блокIыблокIыж, тетым хамэбзэкIэ кьеджэу. Абы нэхъ мыхъуми, адыгэбзэкIэ кьеджамэ, сэбэп хьунтэкъэ «хэкупсэ» псалъэм и мыхьэнэр кьащIэныжкI?

Сабийхэм ягурыгъэIуэн хуейщ Урыс-Кавказ зауэм кьикIыр. Абыхэм ар зэращIэр лъэпкъитIыр зэпэщIэувэу зэззэуауэщ. Гурыгъэгъуэу, зэпкърыхауэ яжедмыIэмэ, кьыщбгъэдэс урысхэм гужьгъэжьэ уэIэнкIэ хуунущ. Гужьгъэжьэр псэм зыхиIэ мыщIагъуэщ, лъагъуныгъэм пэщIэуэщ, щIэныгъэр зымыгъэкIуэтэщ, пэжым пэIэщIэ ухуэзэщIщ.

Класс кIуэцIм щIыбми щекIуэкI лэжьыгъэм и кьалэнщ республикIэм кьащIэхьуэ щIэблэм я гупсысэр унэтIыныр, бзэ нэхъыщхьэу щызекIуэм гулыитэ хуегъэщIыныр.

Сэ си гугъэмкIэ, классщIыб лэжьыгъэм теухуауэ программэ щхьэхуэ зэхэлъхьэн хуейщ. Ар гъэ еджэгъуэ планым нэхъ егупуу щыгъэззэщIамэ, щIэблэр нэхь гъэса хъунущ.

«Кьоджэм угигъэжейркъым», «Кьоджэр нэхъыжьщ» жаIэ, сэ нэхъыжьым и джэ макъым сигъэпIейтей э араш.

КЪАЛМЫКЪ Аднан.

●Тутын емыфэным и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу

Зэранышхуэ яхуохъу

Тутын емыфэным и махуэр Узыншагъэр хъуэмэныкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм 1987 гъэм кьыхилъхьауэ щытащ.

Тутыным цIыхъм и узыншагъэм кьыхуихь зэранышгъэшхуэм хуабжьу егъэпIейтей дохутыркэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ.

Тутын Iутгъэмрэ абы кьыпих сахуэмрэ зэран зыхуэмыхьу хэткъым цIыхъм и Iэпкъльэпкъым. Абыхэм жьэжьеймрэ тхъэмцIыгъуэмрэ и пэжжэщIэр нэхъ мыхьэнэшэ ящI, тхьэмбылыр ягъэфIыщI, абыхэм я зэранкIэ щхьэкуцIым лъымрэ кислородымрэ тэмэму щызэмыкIуэж мэхъу.

Тутыным Iэпкъльэпкъым нэхъыбзэ ирищIэфынущ, абы ефэр ныбжьыщIэмэ. Абыхэм я лъыр занщIэу нэхъ мащIэ мэхъу, шхынкIэ яхуэумыгъэткIуэж, езыхэри кьарунщэ, фагъуэ ещI. Тутынефэ щыхуфэкъым зыгъэ-хьащ кьыкIыпIэ зыхуэIэ щыIэкъым. Ауэ Iуащхьэмахуэ щыгу яп дыдэу дэкIар аращ. МафIэр ину щыдэлыдейкIэ кьыпех. Абы и Iыхьэ нэужьым кьелыркъым. Никотиныр апхуэдизу щхьэхьыщхуащ, и лъ кьуэдеим кьуалэбзухэр егъалIэ.

ЩIыхр-щэ? Ар абы занщIэу щIимыкIыр никотиныр мащIэ-мащIэурэщ Iэпкъльэпкъым зэрыхьхьэри аращ. Ауэ цIыхър зэфа дэтхэнэ зы тутынми абы и гъащIэр нэхъ кIэщI, и узынщагъэр нэхъ зэкIэльымыкIуэ ещI. Тутынафэмрэ апхуэдэ хьэл мыхъумыщIэ зыхъэмылъыпкъ кьагъащIэ илъэс бжьыгъэхэр зэбгъапщэмэ, япэрейм ейр илъэси 4-6-кIэ нэхъ кIэщIщ.

● Псалъэжьхэр

Зи мылъкур зыфIэкIуэдаракъым тхьэмыщкIэр

♦Уи щхьэ хуэунэсэужьныр гъащIэкъым.
Шапсыгъ.

♦Жьыг закъуэр жьым дежкIэ нэхъ иудыгъуафIэщ.
Даргин.

♦Зи мылъкур зыфIэкIуэдаракъым тхьэмыщкIэр, зи щIыхьыр зыфIэкIуэдаращ къулейсызыр.
Табасаран.

♦ЩIхьэхынэм «пщэдей» куэд иIэщ.
Къэрэшей.

Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу*: 2.** Лэжьапщ Iэ, улахуэ ... **5.** Хьэ ... тIысыпIэнщэщ. **6.** Шыр зэрагъэIэсэ кIапсэшхуэ. **9.** Бжэм и ... макъ къэIуащ. **10.** ПхъэIэщэм и пкъыгъуэ, щIыщIъкэрэр гъэзыгъэдзэкI. **11.** ФIыщIэрэ-фIыщIэу кьуалэбзу, и пэр хужьыгъэ. **14.** Лъагэу зэтекIуа гуэр. **15.** КIуэ пэтми бжьиз зымыкIу. **17.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, ар адэжь щIэинщ. **19.** Сабий цIынэм щхьэкIэ апхуэдэуи жаIэ. **22.** ПхъэщхьэмыщIхэ быдэ, убэлэрыгъауэ уедзакъэмэ, уи дзэр IуиущIыкIынкIэ зыхуэIуа щыIэкъым. **23.** Iуащхьэмахуэ щыгу яп дыдэу дэкIар аращ. **25.** МафIэр ину щыдэлыдейкIэ кьыпех. **28.** Гъэмахуэкъым къэгъагъэ, лъабжьэ быдэ зыщI удз щхьэ гъуэжь. **33.** Куэлейм хуэIуэхутхъэбзащIэ цIыхъ. **35.** Мусльымэн лъэпкъышхуэ. **37.** И куэр армэм кьыззэрикIыжым теухуа ... хьэшыр анэм кьыкIарагъащ. **38.** Зи кIапэ лъэныкъуэм фэгъэнэпIэ иIэ бжэгъу. **39.** ЩIы кьиуда. **41.** БгитI зэкуаку. **42.** А цIэр зэрехьэ псым, кьуаэжэм. **45.** Дунейм ехьжам и цIэкIэ ят ахьшэ. **46.** Си гъунэгъу щIалэр щхьэмыгъаэзщ, зэи ... зригъэлъхьэнукъым. **47.** Зыгуэрым и зэхуэдит. **48.** Цыху залым, фIэкIыпIэнщэ. **49.** Колхоз унафэщIым ... сыкъыщIри губгъуэм залымыгъэкIэ пщIакIуэ сыдаащ. **50.** АдакъэщIэрэ ... пластэрэ.

***Къехьу*: 1.** ЩIакъэщэм е къъуейм и Iыхьэ. **2.** Нартыху хьэжьыгъэм кьыхэщIыкIа хьэлу гъэва. **3.** ХъумпIэцIэдж Iуащхьэ. **4.** Сэхураным кьыхаращIыкI Iэфыкъ. **7.** Адыгэ таурыхъым зэрыхэтымкIэ, уд фызыжьыр кхъузанэкIэ псыхьэ зыгъэкIуа щIалэ Iущ цIыкIу. **8.** ШэжьипсгъэфIэIуа. **12.** « ... сокIуэ зыжьыкIыкIым пэрыт адыгэлI. **32.** Адыгэми нэгъуэщI лъэпкъэмэ и Iащэ. **34.** Щэтэм е тхъуцIынэ гъэвэжам и дагъэ. **35.** Губгъуэм кхъщрахьэлIэ гъавэр щызэтракIутэ щыIпIэ. **36.** ЕуэкIыпIэ. **37.** Жьыг кьэтIэпIам и нэщэнэ. **40.** ХадэхэкI. **41.** ШэмэджкIэ паущIа удз сатыркэр. **43.** Гъуэгум и1э кукъблъэмбхэр. **44.** Волгэ псым адыгэр зэреджэу щыта. Е КIуащ БетIал и усэ цIэрыпIуэ.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**



Накьыгъэм и 14-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкIуэкIыу*: 7.** Кьэжэр. **8.** Ерчэн. **9.** Закон. **12.** «Дамыгъэ». **13.** Нэсрэн. **14.** Пхъэщэщ. **15.** Уэс. **17.** Гугъэ. **20.** Магас. **21.** Аршав. **22.** Кьанлы. **23.** ЩIалэжь. **24.** Псэ. **26.** Пьей. **29.** Ахьшэдзащ. **34.** Сэхуран. **35.** ТхъэлъэIу. **36.** Хьэуан. **37.** Дадий. **38.** АдрыщI.

***Къехьу*: 1.** «Хьэтау». **2.** Зэрыджэ. **3.** Еро-куэ. **4.** ЩIоблэ. **5.** ЩIапсыгъ. **6.** Щорджэн. **10.** Жэп. **11.** КIуэнэ. **16.** Сосрыкьуэ. **17.** ГущIагъэщIэлъ. **18.** Парад. **19.** Кьуажэхъ. **25.** Сэрмакъ. **27.**Ефэнды. **28.** ГъэлъэпIэ. **29.** Анэ. **30.** Шубакъ. **31.** Дарий. **32.** ЩтэI. **33.** Бэдын.

●Тхыдэм щыщIу

Шапсыгъхэм я гъавэ щIэкIэр

Тенджыз ФIыщIэ Iуфэм щыпсэуа адыгэхэм мэхъумэзэ ящIэн папщIэ, щIы нэхъ захуэхэм деж ит мэзыр ирагъэхьэбзыкIырт. Жыггэр джыдэ зэхуэмыдэхэмкIэ пауплъщIырт, яухъуэнщIырти псэуалIэлъэу. Зы адыгэлI бгъуэтынтэкъым дыщэ захъшу сом мини 2-3 хуэдиз тэIыпIьауэ зимыIэ.

Шапсыгъхэм гъавэ щIэным кьызэрымыкIуэу мыхьэнэхуэ иIэу кьалыгъэурэ къекIуэкIащ. Абыхэм бгыщхьэхэм кьыщащIэкIырт щIыIэрыс гуэдзыр, гъатхасэ гуэдзыр, хьэр, хур, гъасэр, хьэпцIийр, зэнтхьэр, нартыхур. Нартыхэр ущъуэ лъэгухэм дежи куэду щащIэрт, хьэпкъэмэ, зэрезэгъыным кьыхэкIыу. ЩэкI зэмылIэужьыгъуэхэрэ, кIапсэ кьыхащIыкIын щхьэкIэ ижь лъандэрэ чэтэнымрэ щIэныгъэ кьагъэкIырт.

Абыкlэ щыIэ щIыгуэхэм фIагъашхуэ ямыIэрэ пIэт, гъавэр щыбгъагъэрт. Ар нэхъыбэм зэлыутаэ щытар цIыхуэхэр нэгъэсауэ гъавэ щIэным зэрыпылъырт: щIыр и чэзум ягъэхьэзырырт, жылапхъэфIхэр трасэрт, къакIыгъэм гъэ псом кIэлъыплъырт, удзыжьхэр кьыхамыгъакIуэ, гъавэр хуэ нэужь, кIэрыку имыIэу икIи лIэщIыпIэкIэ кьрахьэлIэжырт.

Нэхъыжьхэм кьыззэрагъэтэжьмкIэ, шапсыгъ адыгэхэм гъавэр лIэужьыгъуэ куэду кьагъэкIыну щытащ. Псалъэм папщIэ, Клинген Иван и тхыгъэхэм дыщыхуоз шапсыгъэхэм нартыху жьжьым кьыщымынэу лъэгухэм, псыхъуэхэм дэль щIыхэм нартыху плъыжьри куэду кьыщагъэкIыу зэрыщытам.

Я нэхъыжьхэм зэращIэжьмкIэ, ашэху, гъэкIы, хужь ху лIэужьыгъуэхэр яхуэбагъуэу щытащ. ГъыкIыр псом япэ итт бэвагъкIэ, ауэ хужьыкрат пластэ, мырамысэ, тебэрыжьэ (мэжаджэ) щащIэкIэ кьыхахыр. Нартыху лIэужьыгъуитI кьагъэкIыу щытащ а зэманым: зыр адыгэ нартыхуит, и хьэдзэхэр хужьу, ину, быдэу, адрейр истамбыл нартыхут, и хьэдзэхэр цIыкIуу, гъуэжьу, быдэу.

Хьэщэлъэмрэ хумрэ бадзэуэгъэуэ и пэщIадзэхэр щIэнт, икIащIыпIэкIэ Iуахьыжьт. КьыщахьжкIэ кьагъэсэбэпырт гъубжэхэмрэ щэмэджэхэмрэ. Гъавэр гъубжэкIэ кьэзыхьыжэм езыхэм пхыр ящIт, пхыриплIыр бэжэкъыу зэтралъхьэрт, жьы щIихуу гъуэщIын щхьэкIэ. ШамэджэкIэ гъавэр пызыупщI лIыхэм яужь цIыхубэр итт, пхыр ящIрэ бэжэкъыу зэтралъхьэжу.

Шапсыгъхэм кьыщIэкIыкIа гъавэр хьыкIэ ягъэкъабзэрт самэзу зэтратхъуэурэ, абы арикIи игъэгъущырт. Тэмэму гъуэ, дыгъэ зытрагъэпсэ гъавэ кьабзэр кьзъущIын щхьэбгъуэхэм иракIутэрти, гуэнхэм щIыкIыртI. Абыхэм гъавэ зракIутэ кьзъущIнэхэм гъатхэмтэр 90-100 хуэдиз я лъагагъщ, 50-60 хуэдиз я бгъуагъщ. Апхуэдэ кхъущIнищ-плIым зы кубометр хуэдиз ярохуэ.

ХЬЭКЪУН Барэсбий.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЪэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ**(жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Кьардэн Маритэ, Истэпан Залинэ, Хьжькыкьар Алик.**

ДИ ХЭЩIАПЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхуэщ IапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхуэщ IапIэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыкъа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ аэр зытехаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтеутэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щрыкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм лъагэхъэзэм и 16-м №П-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-р кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыджIыгъуэм елэжьахущ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщкI Соня, редактору ЖЪэкIэмыхьу Маринэ, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(2, 4-нэ нап.)* **ПхытIыкI Юрэ** *(1, 3-нэ нап.). КомпьютеркIэ зэратехьэм и тепльэр ящIащ*Дол Маринэ, ГъукIэлI Рае, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм елэжьар*Бицу Жанэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.000● Заказ №1434